

Ki Koze Alfabetizasyon Sa?

Mynoucka J. LaFalaise, Inivèsite Laflorid

Ayiti se yon peyi ki akonpli plizyè bagay ke menm lòt peyi jodi a poko akonpli. Kòm premye peyi Nwa ki jwenn endepandans li, Ayiti se yon peyi ki vrèman fè pwogrè. Malgre Ayiti rive nan pwenn endepandans, sistèm lekòl ki egziste kounye a pa benefisye elèv lekòl yo. Nan liv ki rele *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, Iv Dejan diskite sitiyasyon ki nan lekòl peyi d Ayiti. Malgre tout moun Ayiti leve e benyen nan lang kreyòl, yo pèsiste fè lekòl yo an franse. Sa se yon enjistis ki fèt nan peyi a e genyen anpil solisyon nou ka itilize kòm moun ki apresye edikasyon pou ranje pwoblèm nan.

Yon metòd ki ka ede ranje pwoblèm nan sistèm lekòl Ayiti

Yon bon sistèm edikasyon se yon bon fondasyon pou yon peyi. Li enposib pou panse ke nan yon sèl jou, tout moun ki rete nan peyi d Ayiti ka alfabetize, men se ti pwogrè yon sèl moun konmanse ki ka chanje e ranje sistèm lekòl la. Lè yon moun aprann li e ekri, li ouvè pòt ke anpil moun pa t janm kwè te ka egziste. Li p ap fè sans si pou mwen ta rele pwoblèm lekòl Ayiti a senp. Lè koze kilti yon moun se rasin pwoblèm nan, pou yon moun kreye yon solisyon vin yon jan konplike. Anpil moun ki abite Ayiti kounye a toujou genyen mantalite ke Franse se yon lang ki pi siperyè pase lang kreyòl; epi kreyòl se yon lang tout moun deja atrape. Pou yon moun ki pa rete nan peyi a, li ka sanble tankou ide sa ridikil. Lè se avèk ide sa yon moun leve, menm si li ka pa yon bon ide, li ap vrèman difisil pou chanje. Elèv ki ap etidye pwoblèm ki nan peyi d Ayiti vle ede moun ki nan peyi a e chanje sistèm lekòl la devlope yon jwèt ki ka ede sitiyasyon an. Non jwèt

sa rele Eskrab. Jan jwèt sa devlope, yon moun ka aprann diferan mo e an menm tan patisipe nan jwe jwèt sa. Ayiti genyen yon kilti kote jwe jwèt vrèman popilè. Eskrab se yon jwèt kote tout moun ka jwi lè yo ansanm e aprann diferan mo an menm tan. Lè yo aprann diferan mo sa yo, vokabilè yo ap genyen plis varyete. Se avèk ti efò sa yo Ayiti ap kapab grandi e rezidan ki rete nan peyi a ap kapab kòmanse apresye edikasyon.

Diferans ant lekòl Ayiti avèk lòt peyi

Timoun o Zetazani kòmanse ale lekòl kòmase nan laj 4 an. Dejan di nan liv li a ke distans elèv timoun o Zetazani yo rive nan yon sèten laj, yo deja benyen nan plizyè diferan mo epi vokabilè yo grandi avèk chak jou ki pase. Se konsa Ayiti bezwen ankouraje elèv timoun yo pou yo aprann diferan mo e renmen aprann. Timoun yo ka pa t janm genyen chans renmen tèt yo si yo pa janm tande mo ankourajman epi si yo pa genyen abilite aprann diferan bagay nan lekòl yo. Jwèt sa se pa yon jwèt yo moun ap senpleman jwe pou yo pa janm aprann anyen ladan li. Jwèt sa ka chanje kondisyon Ayiti epi tout moun ka genyen yo nouvo chans aprann li e ekri. Lè reziden Ayiti yo alfabetize, sa va ouvè yon lòt pòt pou yo e plizye opòtinite ke yo pat janm kwè ta vin posib pou yo. Plizyè imigran Ayisyen ki ale nan diferan peyi, pa t janm genyen chans pou yo aprann paske yo pa t janm aprann li e ekri nan lang manman yo. Paske yo pa konnen li menm, li vin pi difisil pou yo aprann yo lòt lang.

Solisyon pou Ayiti: Eskrab

Plizyè moun ka di ke yo pa wè kijan yon jwèt ka fè tout chanjman sa. Malgre rezon moun jwe diferan kalite jwèt se paske yo vle fè konpetisyon avèk kamarad yo, jwèt Eskrab la bay moun yo opòtinite pou yo aprann vokabilè kreyòl la Sitiyasyon nan peyi Ayiti fè li pi difisil pou moun ale lekòl. Nan liv *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, Dejan pale sou diferan pwoblèm sistèm lekòl la genyen. Nan lekòl yo, pwofese yo fè leson an franse;yon lang ke majorite timoun Ayiti pa konprann.

Sa ki ap yon pi gwo benefis nan jwèt Eskab la, se ke jwèt la fèt an kreyòl, yon lang tout timoun ann Ayiti konprann. Kreyòl se yon lang tout moun konprann paske se avèk lang sa yo leve. Tan e pwoblèm ekonomik, se de gwo pwoblèm ki rezon ke anpil moun pase vi yo san yo pa janm ale lekòl. Travay e soufrans pran peyi a, san yo pa janm genyen chans wè vi yo. Malgre tout pwoblèm sa yo egziste, moun nan peyi a toujou jwenn tan pou yo jwe yon jwèt. Lè moun pran tan pou yo jwe yon jwèt, li ta nan enterè yo pou yo jwe yo jwèt ki ka ede yo aprann diferan mo ki nan òtograf kreyòl la.

Vrè Endepandans

Sistèm òtograf ki devlope pou kreyòl pa genyen anpil tan depi li devlope. Menm jan li pa genyen anpil tan depi li fèt, plizyè moun ann Ayiti rete san yon pa janm ekspoze avèk sistèm òtograf yon lang ke yo deja konnen. Angiz moun ki genyen edikasyon yo aprann e montre lòt moun sistèm kreyòl la, yo pran tout tan yo ap etidye franse. Ayiti genyen endepandans li pou plis ke 200 ane, li lè pou yo vrèman pran endepandans yo nan men Lafrans. Vrè endepandans se lè tout moun ka alfabetize e yo ka vin moun endepan ki ka ede tèt yo. Lè yon moun pa konn li, li fè li vrèman difisil pou yo fè pwogrè. Sa ki pi mal, se Frans pa kenbe men moun Ayiti pou yo pa aprann lang yo, men plizyè “lelit”

ann Ayiti pa reyalize ke lang kreyòl la nesèsè pou devlopman peyi a. Tout lòt peyi fè lekti yo nan lang manman yo, men Ayiti rete dèyè e yo fè lekti yo nan yon lang etranje.

Se pou tout rezon sa yo devlopman jwèt sa vrèman enpòtan pou Ayiti.

Li pa janm twò ta pou fè pwogrè nan yon peyi ki genyen pwoblèm. Sa ki pi mal, se lè tout moun wè yon pwoblèm epi yo pa janm fè anyen pou yo ranje sitiyasyon an. Lekòl ann Ayiti poko rive nan yon pwen kote yo pa kapab ede elèv yo vin konpetan nan òtograf kreyòl. Tout moun dwe genyen yon chans pou yo aprann. Edikasyon kapab ouvè yon pòt pou plizyè moun. Anpil moun nan lòt peyi pa janm reyalize ki jan yo beni pou yo genyen yon chans jwenn yon bon edikasyon. Si ou mande moun nan peyi d Ayiti, anpil nan yo ap di ou ke yo anvè aprann. Li pa fè sans ke menm moun ki rele tèt yo Ayisyen, se menm moun sa yo k ap fè mechanste epi y ap kenbe moun ann Ayiti ann esklavaj toujou. Esklavaj pa egziste kòm yon gwoup moun kap eseye kolonize yon lòt gwoup moun. Men jan li egziste nan peyi Dayiti se ke toujou genyen moun kap kontwòle majorite moun ki abite nan peyi a. Genyen yon minorite moun ann Ayiti ki pale franse. Gwoup moun sa yo vle pou majorite moun ann Ayiti itilize franse kòm lang yon pale nòmalmman. Dejan di ke plis pase katrevandis pousan moun pa konprann franse menm ann Ayiti. Pousantaj sa a, enkli yon seri pwofesè ki pa vrèman konprann franse pou tèt pa yo. Lelit ann Ayiti kwè se yon byen y ap fè lè yo kenbe lang franse kòm lang pou fè lekti ann Ayiti. Lè yon moun pa bay lòt moun opòtinite pou yo aprann, se kòm si se nan esklavaj ou kenbe yo. Plizyè ewopeyen lontan pa t kite esklav yo aprann nan lekòl paske yo te kwè ke esklav yo t ap revòlte. Kòm yo jan pou yo kontwòle yo, yo pat kite yo jwenn konesans.

Yon sitiyasyon ki byen grav men li pa twò ta

Sijè ke Dejan diskite nan liv li a pa t an ven. Sitiyasyon nan lekòl Ayiti bezwen chanjman. Elèv yo bezwen delivrans. Si yon jwèt kòm eskrab kapab fè yon diferans nan lavi moun ann Ayiti, se prèske yon enjisitis ki t ap fèt si nou pa distribye jwèt sa nan peyi a. Pa genyen rezon nan ane 2007 pou moun pa kapab jwenn yon bon edikasyon. Valè kòb ki depanse sou rad, bijou, avèk lòt bagay ki pa itil moun anyen, pa genyen rezon pou Ayiti pa ta jwenn sipò pou elèv yo ka jwenn yon edikasyon. Lè a rive pou chanjman sa fèt. Se tan kap gaspiye e moun ap mouri anvan yo jwenn yo chans jwi pi bon kado ke Bondye bay. Kado sa se lè yon moun aprann yon bagay yo kapab kenbe avèk yo pou tout vi yo.

Bibliyografi

Dejan, Iv. Yon Lekòl Tèt Anba Nan Yon Peyi Tèt Anba. Pòtoprens: FOKAL (Fondasyon Kilti Ak Libete), 2006.